



Fè yon Chèdèv

Kreye pwòp Dekoupaj ou.

Gade **aktivite** sa nan chanèl YouTube.

Dekoupaj, se fason pou dekore yon objè ak kouch lakòl ak papye, li ofri opòtinite pou kreyativite ak eksperimantasyon menm pou atis ki pi jèn yo.

Kisa ke ou bezwen:

- Yon objè pou fè dekoupaj ak li pou mete li nan yon bokal, vaz, bòl, bwat an bwa, ankadreman foto, ets.
- Mod Podge oubyen Lakòl Elmer ki dilye (Mikse ansanm twa pati Lakòl Elmers yon pati dlo. Souke li byen.)

- Kèp
- Dlo
- Kiyè
- Mous oubyen yon bròs a pwal



- Yon varyete de papye tankou sèvyèt papye, papye vlope, papye albòm, napkin, magazin, oubyen kat de ve.
- Sizo oubyen yon kouto X-ACTO pou koupe papye (ak sipèvizyon yon granmoun oubyen asistans), oubyen senpleman sèvi ak men'w pou chire li
- A kouvèti pwotektif tankou yon tapi pou sifas travay.

Kisa pou fè:

1. Selekte papye ak sizo pou koupe, oubyen men'w pou chire, an ti pyès.
2. Pwopaje yon ti kouch dekoupaj medyòm nan objè'w lan lè ou sèvi ak mous lan oubyen bwòs plim lan.
3. Mete yon ti pyès papye nan sou objè kole an e plati pyès yo ak yon bròs e/oubyen ak dwèt ou.
4. Repete pwosès lan lè ou ajoute kouch lakòl ak papye nan yon bagay pou ba li dimansyon.
5. Pentire yon dènye kouch lakòl dekoupaj pou kole li sou tout pwojè lè ou fini.
6. Kite li sèch pou nwit lan.

Sijesyon ki kapab ede:

- Eksperimante ak diferan teksti ak tip papye. Diferan epesè ap ba'w efè ki inik.
- Lè w'ap selekte bagay pou fè dekoupaj note pou koulè nan fon an montre.
- Papye ki pi epè kapab mande kouch dekoupaj ki pi epè pou kole ant kouch yo.
- Moso papye yo kapab etire oubyen fè boul inisyalman, e si li fè sa sèvi ak dwèt ou pou plati yo epi retounen nan zòn lan ankò ak mous lan oubyen penti plim lan. Ti chifonen ap diminye e vinn pi plat lè objè'w lan seche.
- Ajiste mezi pwopòsyon lakòl a dlo jiskaske ou jwenn konsistans ki travay pou ou an.
- Sèvi ak materyèl ki resikle tankou magazin, kat ve, ak imaj pou gwo koupi pou pwojè dekoupaj.
- Lè ou koupe yon desen ki konplike oubyen espas spesyal, oubyen koupe X-FACTO oubyen sizo travay byen. Sèvi ak kosyon e sipèvizyon granmoun tankou lam ki file!

Jwenn plis aktivite pou lakay ou nan <http://discoveryacton.org/discovery-home>.

978-264-4200 • 177 Main Street (Route 27) • Acton, MA 01720 • discoveryacton.org